**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

**Улыўма орта билим бериў мәкемелери директоры лаўазымына талабанларды дәслепки тәризде таңлап алыў тәртибин тастыйықлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 30-июньдағы 202-санлы буйрығын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 30-июньдағы «Улыўма орта билим бериў мәкемелери директоры лаўазымына талабанларды дәслепки тәризде таңлап алыў тәртибин тастыйықлаў ҳаққында»ғы 202-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

улыўма орта билим бериў мәкемелери директоры лаўазымына талабанларды усыныс етиў ҳәм жумыс бериўшиниң басламасы менен лаўазымынан азат етиў бойынша халық депутатлары район(қала)лық Кеңеслерине усыныс киритиў тәртиби ҳаққындағы реже 1-қосымшаға;

улыўма орта билим бериў мәкемелери директоры лаўазымына талабанларды дәслепки таңлаўдан өткериў, халық депутатлары район (қала)лық Кеңеслериндеги үш жыллық бағдарлама презентация барысын туўрыдан-туўры трансляция етиў схемасы 2-қосымшаға;

сондай-ақ, А.Авлоний атындағы Халық билимлендириўи машқалаларын үйрениў ҳәм келешеклерин белгилеў илимий-изертлеў институты (А.Раджиев)на үш күн мүддетте улыўма орта билим бериў мәкемелери директорлары лаўазымына талабанлардың жеке ҳәм кәсиплик компетенцияларын анықлаў мақсетинде өткерилетуғын тест сынаўлары ушын сораўлар топламын ислеп шығылыўын ҳәм турақлы түрде жаңалап барылыўын ҳәм Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң кадрлар менен ислесиў басқармасына усынып барыў ўазыйпасы жүклетилгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Кадрлар бөлими (С.Жуманиязов)не:

бир ҳәпте мүддетте район(қала)лық халық билимлендириў бөлиминиң жуўапкер хызметкерлери ушын улыўма орта билим бериў мәкемелери директоры лаўазымына талабанларды дәслепки тәризде таңлап алыў тәртиби бойынша видеоконференциялық байланыс формасында семинар өткериў;

аймақлық халық билимлендириўи басқарыўы органларының улыўма орта билим бериў мәкемелери директоры лаўазымына талабанларды усыныс етиў ҳәм жумыс бериўшиниң басламасы менен лаўазымынан азат етиў бойынша жумысларын анализ етип барыў;

белгиленген талапларға әмел етпеген жағдайлар анықланғанда, айыпкер болған басшы ҳәм жуўапкер хызметкерлерге мийнет нызамшылығына муўапық интизамый жаза шараларын қоллаў бойынша министрлик ҳәкимшилигине усыныслар киритип барыў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары улыўма орта билим бериў мәкемелеринде бос (вакант) болған директор лаўазымына

талабанлардың тайынланыўы ҳәм оларды жумыс бериўшиниң басламасы менен лаўазымынан азат етилиўин нызамда белгиленген талаплар тийкарында әмелге асырылыўын тәмийинлесин.

5. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 25-декабрьдеги "Улыўма орта билим бериў мәкемелери директоры лаўазымына талабанларды усыныс етиў ҳәм жумыс бериўшиниң басламасы менен лаўазымынан азат етиў бойынша усыныс киритиў тәртибин тастыйықлаў ҳаққында"ғы 325-санлы буйрығының 1- ҳәм 2-қосымшалары өз күшин жоғалтқанлығы инабатқа алынсын.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а К.Бекбаулиевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «30» июль
№ 160